

Eleksyon Prezidansyèl USA 2024



- Sitwayen Ameriken ap vote pou Prezidan Etazini ak lòt ofisyèl eli 5 Novanm 2024. Nan jou sa , ou ka we liy moun ki ap tann pou yo vote. Vòt yo fèt nan espasiblik oswa espas kontwole tankou lekòl , ponpye ak legliz.
- Avan jou eleksyon an, ou ka resevwa tèks mesaj politik oswa apèl nan telefònswa moun kanpay la ki ap frape pòt lakay ou. Ou pa gen obligasyon pou reponn yo.
- Tanpri sonje sa si ou pa sitwayen Ameriken, li ilegal pou vote oswa anrejistrepou vote.
- Sitwayen Ameriken yo renmen kandida prezidansyèl yo anpil (Donald Trump oswa Kamala Harris).
- Ou ka we gwo foul moun rasanble k'ap bay sipò pou kandida yo avan oswa apre eleksyon an.
- Ou ka we gwo foul moun rasanble pou pwoteste oswa selebre.Tanpri pranpil prekosyon le ou nan foul moun.Si ou deside pou pwoteste , tanpri pa ale pouko'w epi pote sa yo: dlo, kat idantite ak nimewo telefòn nan ka ijans.
- Si ou santi ou menase oswa viktim agresyon , tanpri rele 911.Lè ou nan yon espas ki sekirize , tanpri kontakte IRC pou nou ka ba ou plis sipò oswaede'w fè yon rapò lapolis.